



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON PLAN ENVESTISMAN POU 52
LEKÒL ENTELIJAN, KI TOTALIZE \$45 MILYON DOLA**

***Finansman ap sipòte teknoloji nan salklas, sekirite wo-teknoloji ak lekòl ak
koneksyon kominotè***

Gouvènè Cuomo jodia te anonse premye deman finansman distri lekòl la ki soti nan Lwa \$2 milya dola sou Lekòl Entelijan yo te apwouve. Lwa a, ke Gouvènè a pwopoze te jwenn apwobasyon masif votè yo, sipòte investisman nan teknoloji edikasyon ki pral ekipe elèv yo avèk konpetans ke yo bezwen pou pwospere nan yon ekonomi 21yèm syèk. Investisman sa yo ap ede konble “divizyon dijital” nan ogmante aksè a teknoloji ak laj bann entènèt pou tout elèv yo toupatou nan eta, asire ke okenn elèv pa rete dèyè.

“Kòm teknoloji kontinye ap fòme peyizaj ekonomi nou an, nou dwe re-imagine salklas nou yo an sant ansyèyman modèn kidonk elèv nou yo prepare pou travay ki reponn a demann nan lavni,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk inisyativ fonsè sa, nap pran yon etap enpòtan nan direksyon pou ranfòse anviwonman ansèyman nou an epi konekte elèv yo nan chak kwen nan eta avèk opòtinite ki nesesè pou reyisi nan ekonomi 21yèm syèk la.”

Konsèy revizyon Lekòl Entelijan yo te rankontre jodia pou premye fwa pou apwouve plan investisman ke distri lekòl yo te soumèt. Konsèy la konpoze de Direktè Bidjè, Chanselye Inivèsite Eta New York, ak Komisyonè Depatman Edikasyon Eta. Konsèy la te apwouve anvansa direktiv ke yo te bay sou konpozan obligatwa yo nan Plan Investisman Lekòl Entelijan yo, epi revize ak apwouve premye pati nan soumisyon yo.

52 plan ki te apwouve jodia nan bidjè a totalize \$45 milyon pou pwojè yo, enkli \$26 milyon pou acha Teknoloji Salklas, \$15 milyon dola pou pwojè Koneksyon Lekòl, \$4 milyon dola pou pwojè Sekirite Wo-Teknoloji, ak \$23,000 pou pwojè Koneksyon Kominotè.

Yon rezime sou 52 plan sa yo disponib [la](#).

Aprè pwopozisyon Lwa Bond lan, Gouvènè Cuomo te etabli Komisyon Lekòl Entelijan yo pou rasanble enfòmasyon sou strateji pou kijan lekòl yo ka efikasan investi nan fon bon yo. Komisyon konsiltatif sa te bay yon rapò ki rekòmande yon atansyon pou elaji koneskyon solid laj bann ak koneksyon san fil epi itilize teknoloji transfòmatif. Plan

yo ki te apwouve jodia pa Konsèy Revizyon Lekòl Entelijan yo montre anpil nan pi bon pratik ke Komisyon an te idantifye.

Direktè Bidjè Eta New York Robert Mujica te deklare, “Investisman san parèy eta demontre yon fwa ankò angajman Gouvènè a pou edikasyon, e li pral benefisye timoun yo nan eta pou ane kap vini yo.”

Chanselye SUNY Nancy Zimpher te deklare, “Yon investisman nan Lekòl Entelijan yo se yon investisman nan siksè elèv New York yo nan chak etap nan edikasyon yo, apati jaden danfan pou rive nan karyè. Pi gwo aksè nan teknoloji modèn ak enfrastrikti ke fon sa yo otorize pral sipòte travay nou epi asire ke tout elèv yo gen zoutif ak resous yo bezwen pou eskele nan lekòl epi ale nan kolèj tou pare. Konpliman a tout lekòl ansanm avèk pwogram yo ki pral benefisye de premye seri prim sa.”

Komisyonè Depatman Edikasyon Eta MaryEllen Elia te deklare, “Timoun nou yo anmezi pou fè bagay ki enteresan. Se travay nou pou asire ke yo gen zouti ak konesans yo bezwen pou yo ka reyalize pwochen gwo bagay la.’ E finansman Lekòl Entelijan nap anonse jodia pral ede nou fè sa tou senpleman. Distri yo ap fè gwo investisman nan koneksyon lekòl yo, sekirite lekòl, ak nan aparèy endividyèl yo ki pral bay elèv yo aksè a entènèt pou elaji konesans yo, pou pratik konpetans kote yo bezwen èd, ak pou aprann kijan pou kominike ak pataje konesans yo avèk lòt moun.”

Avèk fon pou Lekòl Entelijan yo, distri lekòl yo ap investi nan teknoloji tankou sèvè enfòmatis, tablo blan entèaktif, tablet, òdinatè biwo ak pòtab, ak laj bann wot vitès ak koneksyon san fil. Teknoloji sa pral ede elèv yo aprann nan pwòp rtim yo, elaji aksè nan kou avanse ak pwogram detid entèaktif, ak amelyore kominikasyon ant paran ak pwofesè yo. Fon pou Lekòl Entelijan yo ap fasilite tou investisman ki nesèsè nan salklas jadendanfan, retirè salklas trelè ak sekirite lekòl wo-teknoloji.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418